

CHINYORWA 2



# MAGAZINI REKUPORESWA



## ZVAPUPU ZVINOSHANDURA UPENYU

**MAHARA**  
HARIFANIRI KUTENGESWA

MAGAZINI RINO RAKABHADHARIRWA  
KARE NEVATINOBATIRANA NAVO KUTI  
RIPIWE PACHENA

KUPONA KWEMUNANA (p4)  
MWANA AKAMUTSWA KUVAFI (p6)  
KUNZWISISA KUCHENGETEDZA  
UREMU HWEMUVIRI (p19)  
SIMBA RE "KUTAURA" (p20)

*Kubatanidza pasi rose nesimba raMwari rinoporesa...*

[www.healinginstitute.org](http://www.healinginstitute.org)

# MASHOKO EKUSIMBISA UTANO HWOUMWARI

Akanyorwa neMuporofita Uebert Angel

Wakagadzirira here **kuvhurira simba raMwari** kuti usanganiswe nekupora zvine simba uye zvinogara zvakadaro?


- Bhuku rakakwenenzverwa neunyanzvi kubudikidza nezodzo reMuporofita Uebert Angel
- Kunda upi neupi zvawo urwere munyama, mupfungwa uye muhana
- Gadzirira kubatsiridzwa kupinda muutano hwouMwari



- Pavara rimwe narimwe riri mubhuku iri, unowanikidza shoko rerutsigiro rakasanganiswa nesimba raMwari rinoporesa
- Bhuku iri rakakwenenzverwa kuti rinyatso donongodza zvikamu zvakatsauka zvekuporeswa
- Sangana nesimba guru reaya mashoko erutsigiro muupenyu hwako
- Tora matomu panyaya dzekuporeswa kwako nhasi chaiye



Wana rako bhuku pa  
[WWW.HEALINGINSTITUTE.ORG](http://WWW.HEALINGINSTITUTE.ORG)





**HEALING INSTITUTE**  
with Prophet Uebert Angel

HEALINGINSTITUTE



# ZVIRI MUKATI MECHINYORWA 2

Iyo yakakurumbira pasi rose, Healing Institute inova muSpirit Embassy ushumiri hwekuporesa hunoitwa neVanoremekedzwa zvikurusa, Muporofita Uebert Angel. Healing Institute ndicho chifambiso chiri kushandiswa naMwari kubata upenyu hwevanhu kundudzi dzenyika, uye ndiwo mudziyo unoshandiswa kuratidzira simba raMwari rinoporesa kunyika dzepasi rose. Ushumiri uhwu hunopfuura chiratidzo, hunopfuura kubata kwebato rakagadzirirwa kufambisa chinangwa, hunopfuura chidanho chekuva kirike chete, zvahuri chaizvo kuvhurika kwemeso, kuzarukirwa, kubatanidza nyika dzepasi rose nesimba raMwari rinoporesa.

Mwari vakaita minana yakatsaudzwa mizhinji kwazvo kuburikidza neHealing Institute yemuSpirit Embassy, zvatakaona nemeso edu tikapenengura chokwadi chazvo, naizvozvo tiri zvapupu zvekubwinya kwavo.

Vanoremekedzwa zvikurusa, Muporofita Uebert Angel, ndivo Mukuru veuto, uye Muvambi wesangano reSpirit Embassy, Healing Institute nemapato akasiyana-siyana ari mukati mesangano iri anozivikanwa nezita rekuti GoodNewsWorld. Sangano iri rinova rakatekeshera nenyika dzose, rinobata zvakatsaukana mukufamba kwaro izvo zvaita kuti vazhinji vagashire minana isakamboonekwa kuburikidza nekushanda kwaMweya Mutsvene.



4  
Kupona Kwemunana  
Mushure Metsaona  
Yakanyanya  
Yepamugwagwa  
Inoshandura Hupenyu

6  
Mwana Yamikani  
Anomutswa Kubva  
Kuvakafa  
12  
Kushanya Kumajeri  
16  
Kukunda Kwekutenda



19  
Kunzwisisa  
Kuchengetedza Uremu  
Hwemuviri

20  
Simba  
Rekutaura



Vari Muporofita, mudzidzisi weShoko, vachishandiswa naMwari kuporesa varwere, Muporofita Uebert Angel vari kumhanya nedonzvo ravakapiwa naMwari apo Vakavashanyira makore apfuura muchiratidzo chakatora nguva inokwana maminiti makumi matanhatu. Donzvo iri rakanangana nekubatanidza pasi rose nesimba raMwari rokuporesa.

Muchiratidzo ichi, Mwari vakavaraira kuti vatange Healing Institute uye kuti vaenderere nedonzvo rakapiwa muna Mateo 10:8, "poresai vanorwara, natsai vane maperembudzi, mutsai vakafa, dzingai mweya yetsvina: makagamuchira pasina muripo, ipaiwo pasina muripo"

Zvirokwazvo, uri panzvimbo yakafanira, uye uno ndiwo mukana wakafanira kuti ugamuchire simba raMwari rinoporesa.

**Wana Magazini rako pa**  
healinginstitute.org



**Ona**  
Simba raMwari rinoporesa kubudikidzwa nemaoko eMuporofita Uebert Angel nguva dzese pa

[www.healinginstitute.tv](http://www.healinginstitute.tv)

# *Kupona Kwemunana Mushure Metsaona Yepamugwagwa Yakadhumana Motokari Nemberi*



**Mukoma Richard** veku **United Kingdom** vakamboshanya kumusaha kwavo ku**Nigeria**. Vari ikoko, vakaita mahwekwe nemukana wakakosha kwavvo muupenyu hwavo apo mukoma wavo akavanyevenurira nezvedzidziso ye**Shoko raMwari neMuporofita Uebert Angel**, pamwe neminana, xviratidzo nezvishamiso xvinotevera **Shoko** iri.

Mukoma Richard vakafara nezvakanzwa zvekuti vachingodzokera ku-**United Kingdom**, vakaerekana vave pamusuwo we**Spirit Embassy**. Nerimwe zuva muna **Kurume** wegore ra**2022**, basa ravo remazuva ese reku-chaira motokari nekudhirivhara zvinhu rakaenda nepamwe rikasiya hupenyu hwaMukoma Richard huri manyama amire nerongo pamugwagwa waive usina veruzhinji nechekunze kwedhobha.

Kudhumana kwemotokari yavo neimwe yaibva kwavaienda kwakaita kuti mun-guva idikidiki iyoyo zvinhu zviminame zvokunge nyika yainge yatoguma kwa-vari. Muchadzimira ichocho, Mukoma Richard vaingonzwa sevakaputirwa nerima rinotyisa, vasinganzwisisi nhar-aunda yavaiva vari, uye vasina ruzivo rwenzvimbo kana divi ravaiva.

Pavakazobengenuka, zvinhu zvaive manyama amire nerongo pamberi pavo – vanodzimura moto, chikwata chekuchipatara, uye vanhuwo zvavo vaitarisa netsiye nyoro vanga vakavakomberedza vachiratidza kukatyamadzwa zvikuru.

Kwechinguvana, Mukoma Richard vaisanzwa marwadzo asi akazongouya kamwe chete zvine simba ndokuvambundira sejira. Vakarara kudaro, muviri wavo vakanga varemadvwa zvekusagona kupfakanika kana kusimudza ruoko; chega chaivaikwanisa kutaura. Kapfungwa kekuramwira kurarama zvachose kakambovabata asi pavakazofunga kupunyuka kwavainga vaita mutsaona yakanyanya kudai, vakazadzwa nemweya wekutenda Mwari. Chokwadi chezvaine zvaitika chakatanga kuvajekera, vakamirira vanodzimura moto kuti vadimbure masimbi emotokari yainge yaparara patsaona iyi kuti vazovadzikinura.

Zvakavatorera mazuva ane chitsama kuti vadzokere pakupepuka zvizere. Mukuvhiringika nezvakaitika izvi, vakamboedza kubatanidza zvingadai zvatora nzvimbo mutsaona iyi zvaizotsanangura nyatwa yakanga vave. Rutendo rwavo kuna Mwari rwakawedzera, vachiona kuchengetedza kwaMwari kuburikidza nechipfeko chemuruoko cheGoodNewsWorld, chinova chibatiso chezodzo. Chipfeko chemuruoko ichi chave chikamu chakakosha muhupenyu hwavo zvekuti havachambochisiya pasi, vangave vakarara kana vachigeza.

Vari muchipatara, mukoma Richard vanga vasingagoni kuita chipi zvacho chinhu, muviri wavo wakakuvara zvakananyanya mumusoro, makumbo nemaoko. Vachishingirira marwadzo akanyanya aya, vakange vave kurarama nekurapwa kwemuchipatara. Mukati mekutambudzika uku, chiedza chetariro chakavheneka apo mukoma Richard vakanzwa nezvechirongwa cheHealing Institute chaizoitwa mumwedzi waKubvumbi kunyika yeUnited Kingdom. Nemufaro mukuru, chiriporipocho vakabva vanyoresa kuti wavemo muchirongwa ichi chainamatirwa varwere; kupora kwavo kwainge kwavepo.

Muporofita Uebert Angel vanofamba negute romweya wekuporesa. Mukoma Richard pavakapinda mugute rimwe iroro, shanduko yakanga yatotanga kuitika. Vakanzwa masaisai mukati memuviri wavo, kuoma kwemutezo kwaiva kwakavabata mumutsipa kukabva kwanyevenuka uye

marwadzo akatanga kuserera. Muporofita vachingoturika maoko avo pana mukoma Richard, chiriporipocho vakanzwa kusungurwa mumutsipa wavo, marwadzo eku nyanya aya ndokupera, dzikasara dzangove ndangariro dzamakare kare. Pazvokwadi, ichi chakave chiratidzo chinobatika cheSHoko raMwari nesimba raMwari rekurapa richishanda kubudikidza nemudziyo unova Muporofita Uebert Angel.

Nanhasi Mukoma Richard havana marwadzo mumuviri wavo uye wave kukwanisa kuita zvose pasina muganhu. Ari kufarikanya zvomememene utano hwoumwari sezvinopikira Shoko raMwari. Akasununguka mahara. Mwari ngavakudzwe.


Mukoma Richard vanopa rutendo rwakananyanya kuMuporofita nemunana unoshandura hupenyu zvachose, wakashandura upenyu hwavo nekusingaperi.





# Mwana Yamikani Akamutswa Kuvafi

MuHarare, Zimbabwe, Mudhikoni Shammah nemwanasikana wavo mutano, chindumurwa Yamikani vakaswera zvavo murufaro panzvimbo yeHarare Hippodrome. Apo Muporofita, Muporofita Uebert Angel vakapfuura nepaiva nechindumurwa Yamikani, vakataura mazwi akabatisiswa namai vemwana uyu. “Handizvifariri panoitika zvinhu zvakaipa kuvana vadiki.” Muporofita vachipfuurira mberi nerwendo rwavo, panguva iyoyo, Mudhikoni Shammah vakashaya chirevo chemashoko ainge ataurwa zvekuti vakasara vachinetseka muhana. Rechimangwana racho, mwana Yamikani airatidzika seane utano hwakanaka, pasina kana



## The God-Kind of Faith

by Prophet Uebert Angel

See ad on page 22

urwere. Zvakadaro, zuva raamai raiendeka semazuva ose pakauya shoko rinotambudza – mwana Yamikani ainge ave kupisa muviri. Mai vemwana vakaramba vakadzikama, chiriporipocho ndokutora madanho ekugadzirisa nyaya iyi. Vachiongorora, vakatora kupisa kwemuviri uku sechinhu chiduku, ndokuraira muchengeti wemwana nzira dzinozivikanwa kuti dzinoshanda kupedza kusanzwa zvakanaka kwemwana uye kuderedza kupisa kwemuviri.

Nguva yekurara yasvika, muchengeti wemwana akagadzirira kuti ape mwana Yamikani mushonga wekuti arare zvakanaka. Kwekanguva kadiki, muchengeti akambosiya mwana aine vanwe vana vemumba umu kuti anogadzira mushonga uya nekukurumidza. Vachidzoka, vakasvikowana ari manyama amire nerongo. Runyararo rwaimbova mumba pakange pasisina, yangova mherye yoga yoga yaiparamurwa

nevamwe vana. Pane zvakaipisisa zvakasara zvichiitika panguva pfupi-pfupi yavanga vamboti nzvee, usiku uhwu hwakabva hwave nyonganyonga. Ipapo vakabva vachaya runhare kuna mai vemwana. Zhouwe-zhowe yainzwika nepanhare yaidudzira kuti kumba kwakanga kusisina kumira zvakanaka, izvo zvakaita kuti mai vemwana vapindwe nechando. Chimbichimbi yaiva muizwi remuchengeti wemwana yainongedzera kuti zvaiuya mberi zvanga zvisina chiedza, izvo zvakaita kuti mai vapinde mukushungurudzika kwakanyanya nekusava nerizere panguva iyoyo.

Rwendo rwekudzokera kumba kwaiva nemwana Yamikani rwakaremera vabereki vake. Chikamu chimwe nachimwe munguva iyi changa chakaremerwa nekuzeza kusangana nezvaiva mberi uye kupepperwa. Vachisvika kumba, nhau dzinoparadza dzanga dzakavamirira, mwana wavo wepamoyo ainga ashaya. Kuona mutumbi wemwana wavo wakarara pamubhedha kwakazadza vabereki nekukatyamadzwa uye marwadzo nekusuwa kusingatsanaguriki. Munguva yakaoma kudaro, chega chavakakwanisa kuita kuzvipa kumarwadzo enyatwa, vachichema nekuungudza zvisingadzoreki.

Muchinguvana, chiedza chetariro chakabaka. Vachisundwa nekupepperwa uye kubatira pamudzonga wekupedzisira wekutenda wawaiva navo, vakafunga kufonera munhu waMwari, Muporofita Uebert Angel. nemaoko anodendera, misodzi ichichururuka mumatama, vakabata nhare ndokuchaya nhamba dzeMuporofita. Ipapo, pakange patova pakati pehusiku zvekuti vabereki ava vanga vasina tarisiro yekuti runhare rwavainga vachaya rungadairwa. Vakakatyamadzwa kwazvo Muporofita vachidaira nhare yavo, pavakanzwa nhau dzinoparadza idzi, vakaranga vabereki ava nekukasika. Mashoko avo akadimbura nemumarwadzo evabereki ava, vachivairira kuti vamire kuchema asi kuti vatore mukana uye nekutenda kuti vataure mashoko ehupenyu kumwana Yamikani. Muporofita vakavairairazve kuti vatakure mutumbi wemwana kuenda kuchipatara. Kunyangwe zvinhu zvanga zvisina

kuvamirira zvakanaka, vabereki vakabatira pashoko ravainge vapiwa neMuporofita seshoko rinopa upenyu.


Pavakasvika kuchipatara, ana chiremba vakaongorora ndokusimbisa chokwadi chinonyangadza – kurova kwehana kwakashaikwa mumuviri wemwana, vakashambadza kuti mwana akanga afa. Vana chiremba vari mubishi kupedzisa basa ravo, pakaita kushanduka kwegute nekusvika kweMuporofita Uebert Angel panzvimbo. Pasina kupedza nguva, Muporofita vakakumbira kuti vaendeswe kwaive kwaiswa mwana, apa kutenda kwavo kwanga kusina kuzungunutsa panguva yekupererwa kudai. .

Apo kunze kweimba yakanga yaiswa mwana kwanga kwakati zii, kusina kana chinopfakanyika, munana unoshamisa waitika mukati meimba yemuchipatara iyi. Yakava nguva yedadiso nechitiko chinokunda kufunga kwose, kuchema kwemwana kwakavharira runyararo rwaivapo zvairatidza zvisina kupokana kuti pakanga pave neupenyu zvekare. Mwana Yamikani akanga ambotizwa neupenyu akanga ave mupenyu zvekare, chinova chiratidzo chakasimba chesimba raMwari rekuporesa richishanda kuburikidza neMuporofita wavo, Muporofita Uebert Angel. Denga rakapindira nenzira inopfuura panoperera mufungo wevanhu.

Nenzira yemunana, kusvika kweMuporofita Uebert Angel kwakaunza uyu munana wekumutswa kuvafi. Mwana Yamikani, uyo akanga ambotizwa neupenyu, akachema kuratidza upenyu hutsva. Mhuri yemwana yakava nemufaro mukuru nekudzorerwa kwanga kwaitika; ukuwo vana chiremba vakakatyamadzwa zvikuru neshanduko yakaitika pamberi pavo. Mwana Yamikani, amutswa kuupenyu zvekare, akave chiratidzo chesimba raMwari rekuporesa.

Mudhikoni Shammah naMudhikoni Deon vanotenda zvikurusa munhu waMwari nekudzorerwa mwanasikana wavo, Yamikani, kuupenyu. Upenyu hwavo zvino hwazadzwa nemufaro wakavandudzwa, uye munguva shomanana yapfuura vakagamuchirazve umwe mwana kumhuri yavo.





*Zvakabuda muongororo zvaiita semutongo werufu. Ana chiremba vaitarisira kuti Anil ainge asarwa nemakore matatu kusvika kumashanu ekurarama.*



# Kutambudzika kwaAnil kwa- kaenderera mberi apo ana chiremba vaitsvaga mudzi wechikonzero chekuk- wira kweBP yake. Ongororo yemuchina weMRI panhengo inowanikwa pamusoro peitsvo yakaratidza bundu rainge ramera

Mukoma Anil Philip, avo vanogara kuHyderabad, munyika yeIndia, waitambura zvikuru nekutemwa nemusoro mazuva ose kwemakore anodarika gumi, vairarama nemishonga yekuderedza marwadzo kuti wakwanise kushanda kubasa. Marwadzo akawedzera, zvakaitea kuti vaende kuchipatara, uko kwavakanonzi vaive neBP yakakwira. Kunyangwe vakapiwa mushonga wekunwa mangwanani nemanheru, musoro wakaramba uchitema, zvinova zvakaitea mumvuri werima muopenyu hwawo kubva mugore ra2010 kusvika 2023.

Pakazosvika kutanga kwegore ra2023, kutemwa nemusoro kwaAnil kwakawedzera zvemhando yepamusoro, zvisinei kuti vainge vawedzerwa kusimba kwemishonga yakawakapiwa naana chiremba.

Dzimwe nzira dzekurapa kusanganisira dzechivanhu, dzakatadza kupedza marwadzo aya, zvakaitea kuti ana chiremba vazivise kuti Mukoma Anil vaizongorarama nemarwadzo aya zvachose.

Mishonga yekuderedza marwadzo yaingoshanda kwekanguva kadikidiki zvekuti Anil aisakwanisa kuwadzana nevamwe achinyenyeredza ungoro dzevanhu, nekuziva kuti chero chinhu chaikwanisa kutungidza kutemwa nemusoro. Kusawirirana kwake neruzha kana chiedza zvakamutsaudza kubva kumhuri yake, izvo zvakananganisa yanano nevana vake akaguma ave munhu ane ukasha.

Kutambudzika kwaAnil kwakaenderera mberi apo ana chiremba vaitsvaga mudzi wechikonzero chekukwira kweBP yavo. Ongororo yemuchina weMRI

panhengo inowanikwa pamusoro peitsvo yakaratidza gomarara rainge ramera panhengo iyi nechekuruboshwe. Urongwa hwepakutanga hwekubvisa bundu iri nekuvhiyiwa hwakamiswa apo imwe ongororo yakaratidza uwandu hwakanyanya hwemakemikari emumuviri anonzi 3MT zvinova zvairatidza udzamu hwakaenderera hweurwere uhu. Ongororo dzakateera mushure mekuvheneka muviri nemuchina unonzi PET CT dzakasimbisa zvavainyanya kutya: Anil aiva negomarara (kenza).

Zvakabuda muongororo zvaiita semutongo werufu. Ana chiremba vaitarisira kuti Anil ainge asarwa nemakore matatu kusvika kumashanu chete ekurarama. Nhau idzi dzakamushungurudza zvikuru nekuti aifunga mhuri yake – mudzimai wake, mwanakomana wake wemakore gumi nemaviri, uye mwanasikana wake wemakore matanhatu. Sezvo vaive ega muchengeti wemhuri, tarisiro yekusiyana mhuri yake yakamuzadza nekusurukirwa. Mazvikokota wegomarara vakatsanangura njodzi dzekuvhiyiwa, vachisimbaradza kudiwawo zvekare kwaana mazvikokota wemoyo, wemahomoni uye wegomarara kuti vavepo nekuda kwekuoma kwenzira yekurapwa iyi.

Kunyangwe matsamba ekuchipatara aita taura kuipa kweurwere, Anil akatsvaga hutungamiriri hwaMwari asati aenderera mberi nekuvhiyiwa. Akarangerira shoko remuBhaibheri Mateo 7:7: “Kumbirai mugopiwa, tsvakai mugowana, gogodzai mugozarurirwa.” Muna 2019, Anil akange anzwa nezvaMuporofita Uebert Angel kubva kumukwasha wake uyo akavatsanangura achiti vanoporofita zvekunonga tsono mujecha.

Nekunakidzwa nazvo, Anil akatanga kuronda dzidziso yaMuporofita Uebert Angel, vachiona mharidzo dzavo Svondo yoga yoga uye kuteerera mharidzo vari munzira kuenda kwakasiyana siyana. Achigadzirira kuvhiyiwa, Anil akanzwa kudokwaira moyo zvakasimba kuti atsvage hutungamiri hwaMwari, kunyangwe iye aiva kuHyderabad muIndia apo Muporofita Uebert Angel vaiva kuLondon.

Nehumwe usiku, nguva dziri kunhambwe yetatu, Anil akarota hope dzine simba. Muchiroto ichocho, akanzwa sekunge anga achangomuka mukurariswa hope naana chiremba, achibva kutsi kwehope.

**Akarangerira  
shoko  
remu  
Bhaibheri  
“Kumbirai  
mugopiwa,  
tsvakai  
mugowana.”**

(Mateo 7:7)

Akaona Muporofita Uebert Angel vakapfeka nguo chena dzinopfekwa nevashandi vemuchipatara sachiremba vari muimba yekuvhiya. Muporofita, vachimhanyira kunovhiya umwe aitevera, vakambomira kwechinguvana kuti vaudze Anil, “Ndapedza newe. Uchaita zvakanaka.” Chiroto ichi chaita sechokwadi zvakananyisa, zvekuti Anil akamuka achiziva kuti pane munana wainge waitika. Achimuka, chiriporipocho Anil akaudza mudzimai wake anga akarara padivi pake nezvechiroto ichi. “Muka, muka! Ndatovhiyiwa,” akadaro achiudza mudzimai wake. Mudzimai wake akamurangaridza kuti zuva rake rekuvhiyiwa ranga risati rasvika, asi Anil akasimbirira chete, “Kwete, kwete, Muporofita vabva mukundivhiya uye vanditi zvese zvichaendeka.” Pamwechete, baba namai vakarumbidza Mwari mambakwedza iwayo, vachinzwa shanduko huru kwazvo yainge yaitika muna Anil.

Zuva raitevera, Anil akaudza ana chiremba kuti ainge agadzirira kuvhiyiwa. Kunyangwe ana mazvikokota vakange



vataura njodzi dzekuvhiyiwa uku, iye aive nechivimbo chizere nekusimbiswa muhana make. Mushure mechiitiko chekusangana neMuporofita Uebert Angel, Anil akaziva kuti gomarara riya rakange rapera. Haaikwanisa kuzvitsanangura kunaana chiremba, nekudaro akangovaudza kuti ainge agadzirira zvizere kuvhiyiwa,

Mumazuva maviri aitevera, Anil akanovhiyiwa. Paakamuka, BP yake yai-va120/80 – kanova kekutanga mukati memakore gumi nematatu kuve neBP inofanira pamunhu mutano. Dzokororo yeongororo idzi kwamazuva aitevera yakasimbaradza kuti BP yavo yaive panzvimo pakafanira. Dzimwe ongororo dzinoitwa mushure mekuvhiyiwa dzakadzokazve nemhinduro inoshamisa zvinonwisa mvura: pakange pasisina kana tse yegomarara.

Vana chiremba vakakatyamadzwa zviku-ru nezviitiko zvemunana uyu. Vakatabira mhinduro dzeongororo yaAnil dzakawanda vasati vasimbaradza keku-pedzisira kuti Anil akanga asisina chirwewere chegomarara zvachose. Patopfuura gore kubva zvakavhiyiwa Anil asi hapana kumboitika zvaida kuti ade kuonekwa nachiremba kana kutora mushonga zvekare. Ave kurarama upenyu hwakakwana, hwakaropafadzwa, achifara nemhuri yake uye kufamba zvakasununguka. Anil anokurudzira munhu wese kuti agare akabata masaisai eushumiri hweMuporofita Uebert Angel. Kunyangwe zvazvo Anil aiva kuHyderabad, Mwari vaka shandisa Muporofita kuti vamusvikire nekumuporesa.

Anil anopa kutenda zvikurusa neupenyu hweMuporofita Uebert Angel neushumiri hwavo, achiona ruoko rwaMwari rwakapindira pakuchengetedza upenyu hwake. Nyaya yake chapupu chizere chesimba riri mukutenda uye chebasa guru riri kubatwa pasi pezodzo reMuporofita Uebert Angel. Nyaya yaAnil chitata chetariro kune vose vanotsvaga ruoko rwaMwari muupenyu hwavo.

Tinokutendai Muporofita Uebert Angel. Kubva pakadzika dzika pemoyo wake, Anil anokutendai neminamoto yenyu uye nebasa riri kuitwa naMwari kubudikidza nemamuri.

**Vana chiremba  
vakakatyamad-  
zwa zvikuru  
nezviitiko  
zvemunana  
uyu. Vakatabira  
mhinduro  
dzeongororo  
yaAnil dzakawanda  
vasati vasimbaradza keku-  
pedzisira kuti  
Anil  
akanga asisina  
chirwewere che-  
gomarara  
zvachose**



# KUSHANYA

PANGUVA DZOSE TIRI KUPARADZIRA SHOKO REKUPORA, KUTENDA, RUDO, UYE TARIRO. BASA IRI MUENZANISO WESHOKO RAMWARI KUBVA KUNA MATEO 25:36, “NDAKANGA NDISINA ZVOKUPFEKA MUKANDIPFEKEDZA, NDICHIRWARA MUKANDIPEPA, NDAKANGA NDIRI MUTORONGO MUKANDISHANYIRA.”

# KUMAJERI

Urongwa hwekushanya kumajeri pasi rose hunoitwa nezvikwata zvakasiyana siyana zveHealing Institute pasi perairidzo yeMuporofita Uebert Angel zvakaita mutsindo wakanyanya kunzvimbo dziri nyika dzakateshera pasi rose. Urongwa uhwu hwakaita kuti tikwanise kuparadzira “Shoko reNguva Ino” rinova rinowanikwa muunyorwa hweMagazini Rekupora uye bhuku rine Magwaro Okutaura. Mabhuku anokosha aya akagoverwa kuna vasungwa vose, vanochengetedza vasungwa mumajeri uye vakuru vemumajeri. Izvi zvakatibatsira zvakanyanya kupesvedzera donzvo rekugovera dama rakanaka raMambo wedu Jesu Kristu, izvo zvinounza rudo netariro kune avo vakarasa tariro.

Takabata kubva kujeri reAdharwadi District Jail riri kuKalyan muIndia, tichipfuura nekune amwe majeri muAsia, Fiji, neAfrica kusvika kujeri reWhawha Prison Complex riri muGweru, Zimbabwe. Pamusoro pekubata nekupesvedzera majeri aya neShoko raMwari, tiri kukwanisa zvekare

Takanopa zvinhu zvinosanganisira zvinoshandiswa muzvimbuzi, zvinhu zvekudya nezvekuchenesa nzvimbo yavanogara izvo zvakabatsira kuchengetwa kwevasungwa. Panguva dzose tiri kuparadzira shoko rekupora, kutenda, rudo netariro. Basa iri muenzaniso weShoko raMwari kubva muna Mateo 25:36, “ndakanga ndisina zvokupfeka mukandipfekedza, ndakanga ndichirwara mukandipepa, ndakanga ndiri mutorongo mukandishanyira.”

Iri ndiro “Shoko reNguva Ino,” uye hatisi kuritambisa kwete. Tiri kubatanidza pasi rose nesimba raMwari rekuporesa, tiri kusvika kune avo vasingasvikirike, tichiita zvinobatika muupenyu hwevanhu, tichiunza kunyaradzwa nekushandura nharaunda dzepasi rose.

Kuburikidza nekushanya mumajeri uku, vanhu vakatendeukira kuna Mambo Jesu Kristu, uye vanhu vakasangana neminana yedenga muupenyu hwavo.





*Iri ndiro “Shoko reNguya Ino,” uye hatisi kuritambisa kwete. Tiri kubatanidza pasi rose nesimba raMwari rekuporesa, tiri kusvika kune vasingasvikirike, tichiita zvinobatika muupenyu hwevanhu, tichiunza kunyaradzwa nekushandura nharaunda dzepasi rose.*





### **Harare, Zimbabwe**

Mukoma Kudakwashe, avo vanobva kuChishawasha, vanovamba nyaya yavo vari muguta reHarare, Zimbabwe apo upenyu hwavo hwakanosangana nechiiitiko chakashandura ramangwana ravo zvachose.

Mukoma Kudakwashe vakapinzwa mujeri nemhosva yekuba tambo dzemagetsi, vakatongerwa makore gumi ekupikira. Upenyu hwavo hwaenda nepamwe. Kwekutanga vakatongerwa makore gumi ekupikira, Asi mutongo wavo wakazoderedzwa kusvika pamakore matanhatu nemwedzi misere. Munguva yavo yekupikira, vasvitsa makore mashanu vari mukati, chishamiso chakaitika. Musi wa20 Kubvumbi 2024, pasi pezodzo reMuporofita Uebert Angel, chikwata cheHealing Institute chemuHarare chakashanyira jeri reHarare Central Prison. Ikoko vakanoogovera mabhuku eDivine Health Affirmations (bhuku remashoko anotsigira kuporeswa), uye Magazini ReKuporeswa, nezvimwe zviwanikwa Kuvasungwa, vaisanganisira Mukoma Kudakwashe. Havana kuziva kuti kusangana nezvinyorwa izvi zvinoshandura upenyu ndiko kwaizova mudzi wemunana waizoshandura upenyu hwavo. Zuva rinotevera racho, musu wa21 Kubvumbi, vasina ruzivo nezvazvo, Mukoma Kudakwashe vakasarudzwa zveemunana pachirongwa chekuregerera vasungwa, zvakaaita kuti vaburitswe mujeri nguva yakatarwa pamutongo isati yakwana. Nhau dzekusunungurwa kwavo zvisina tarisiro dzakave semunana waunzwa naMwari. Vakazadzwa nemufaro nekutenda, vakaongorora vakaona kuti aisangova masanga asi kuratidzirwa kwenyasha nerudo rwaMwari zvakauya mushure mekunge vasanganidzwa nechikwata cheHealing Institute musu wavakavashanyira mujeri. Vaburitswa mujeri, Mukoma Kudakwashe vakasvikowana kumba angove machira chete, zvinhu zvese ari manyama amire nerongo, mhuri hapachina, basa hapana, zvachose panga pasina chinhu kana munhu wekumira naye. Zvakadarwa, vakanzwa kudhonzera zvine simba kuna Mwari, vachiziva kuti

yega tsananguro yekuburitswa kwavo mujeri zvechimbichimbi dzaingova nyasha dzaMambo Jesu Kristu. Pasina kupedza nguva, vakaita sarudzo yekupinda sangano reSpirit Embassy – The Good News Church, uko kwekuti nyaya dzakaozwa zvekusava netarisiro dzinoshandurwa chiriporipocho. Kwavari, yaisangova nzvimbo yekunamatira chete, kwete, asi kwakave sekumba. Vakagamuchirwa muSpirit Embassy nerudo rwakanyanya.

Upenyu hwaMukoma Kudakwashe hwakashandurwa zvachose, ndokutanga kunanga gwara kwaro, chinova chiratidzo cheShoko raMwari rinodzidziswa neMuporofita Uebert Angel. Mukoma Kudakwashe vanoremekedza Muporofita nekubvuma kudanwa naMwari kubasa rake, izvo zvakaaita kuti vaone shanduko yemandorokwati yakaunzwa neruoko rwaMwari muupenyu hwavo. Iko zvino, Mukoma Kudakwashe vave kugara murufaro nerusununguko. Rumbidzo kuna Mwari neshanduko iyi inodakadza.

### **Gweru, Zimbabwe**

Muna Kubvumbi 2024, simba raMwari rakazviratidza kujeri reWhawha muGweru, Zimbabwe. Pasi perairidzo yemunhu waMwari watakapiwa, Vanoremekedzwa Muporofita Uebert Angel, chikwata cheHealing Institute chakashanyira jeri iri. Vakanopa vasungwa zvinhu zvinokosha pararamo muuwandu hwazvo, pamwe chete neMagazini reKuporeswa uye bhuku reMashoko Ekusimbisa Utano HwaMwari. Chikwata ichi chakapiwa mukana wekuparidza Shoko raMwari kuvasungwa nevachengeti vavo. Panguva iyoyo, chishamiso chikuru chakaitika: vasungwa vanosvika makumi mashanu neumwe vakagamuchira Kristu saMambo neMuponesi weupenyu hwavo. Mbiri kuna Mwari.

Pasina kupfuura vhiki rekushanya uku, zvishamiso zvedenga zvakaaitika. Vazhinji pavasungwa vainge vagamuchira Jesu vakaburitswa jeri zvaisatarisirwa. Munana uyu wakaitika vasungwa vasati vapedza kupikira mutongo wakange wakatarwa, zvese zvichikonzerwa nekusanganiswa kwavainge vaita vaita neNhau Dzakanaka. Uyu mucherechedzo wakasimba wemutindo wekubata kwaMwari kunoitika apo vanhu vanosanganiswa nezviwanikwa zveHealing Institute uye pesvedzero huru yemunhu waMwari vanoremekedzwa, Muporofita Uebert Angel.

Vaimbova vasungwa ava, avo vave nhengo dzesangano reSpirit Embassy vachipindira kuGweru, vakasangana nesimba raMwari risingatsanaguriki, uye upenyu hwavo hwakashandurwa zvachose. Vongai Ishe!



# Mashoko Ekusimbisa Utano HwouMwari

kubva kuMuporofita Uebert Angel

Ndakadzivirira zvirwere zvese nedziviriro yedenga. Mukondombera weHIV haukwani kuwana pokugara muropa rangu. Marariya nekupisa muviri hazvikwanisi kugara mandiri. Hoshadzemitoo yakasiya hadzikwanisi kubereka muropa rangu nekuti upenyu hwaJesu huri kuyerera nemandiri.

Mweya Mutsvene anogara mandiri nekundinyaradza muna zvose. Kunyangwe ndikafamba nepamupata wemubvuri werufu, handichazoty zvinyangadzo nekuti Mwari Mambo vaneni. Mazvita Baba neShoko renyu, Uye nekutuma Mweya Mutsvene kuti ave neni, agare neni zvachose. Amenii.

“Hongu, kunyangwe ndikafamba nepamupata wemubvuri werufu, handichazoty zvinyangadzo nekuti muneni. Tsvimbo yenyu nemudonzvo wenyu zvinondinyaradza.”

(Mapisarema 23:4)


Mweya Mutsvene anogara mandiri Anopa upenyu kunyama yangu. Ndinogara mutano husina chipomerwa panguva dzose. Moyo wangu unoshanda zvisina chipomerwa. Pfungwa dzangu dzinoshanda zvisina chipomewa. Itsvo, mapapu, nezvese zvangu zvinoshanda zvisina chipomerwa nezita raJesu! Hareruya.

“Asi kana Mweya waiye akamutsa Jesu kuvafi uchigara mamuri, iye akamutsa Kristu kuvafi achapawo upenyu kunyama zvisina neMweya wake anogara mamuri.”

(VaRoma 8:11)

Ndiri mutakuri weShoko raMwari. Ari mandiri mukuru kudarika uyo ari munyika. Handichazokundwi nekutema kwemusoro, kana utachiona hunotemesa musoro. Ndinozvipedza izvozwi Nezita raJesu!

“Munobva kuna Mwari, imi vana vaduku, uye makavakundana: nokuti ari mamuri mukuru kuna iye ari munyika.” (1 Johane 4:4)



**Ndine upenyu hwaMwari nekuzara kwaho. Upenyu hwangu haupindi zvirwere, haupindi urombo, uye haupindi kukundikana. Hapana chadhiyahurosi chingakwanisa kugara mandiri nekuti ndakambundira uye ndinogara upenyu hwakaenderera muna Jesu Kristu. Mbiri kuna Mwari!**

Ndapinda zororo raMwari, uye ndamira kutambura kwese nekuti Mambo Jesu vakakunda mhandu uye chese zvacho chinopikisana nemamiriro ezvinhu akanaka. Ndinosisimbiswa zuva nezuva neShoko raMwari uye ndinoramba kukanda mapfumo pasi nekukurirwa neurwere, hoshadzema, kana upi zvawo mutoo werima nezita raJesu.

Ndinotema uye ndinozivisa kuti, gore rino Mwari vakanzura musangano wangu nerufu. Chero zano remuvengi rekupedza upenyu hwangu raparadzwa. Hazvichazovi, uye hazvisi kuzoitika nezita raJesu rine simba! “Zvanzini nalshe Jehovha: Izvi hazvingamiri, hazvingaitiki.” (Isaya 7:7)

Handichatambura nerupi zvoro rudzi rwekutambudzika. Gomarara, chirwere cheshuga, marwadzo echibereko nezvimwe zvese zvirwere zvakaenda pamuchinjikwa naJesu Kristu apo akatakura zvose kuti ndive neutano Husina chipomerwa nhasi uno. Nhasi ndiro zuva rekupedzisira ndichirwara. Ndakasimba uye ndakanatswa zvizere. Mbiri kuna Mwari!

Kushaya mbereko kwabviswa muupenyu hwangu. Kusvodza kwaparadzwa nekurambidzwa. Muviri wangu unobereka uye wakaorera kuti pave nembereko. Chipi zvacho chimhingamupinyi chiri munzira mangu chabviswa nezita raJesu!

Mambo Jesu ndiye murapi wangu. Anofadzwa kwazvo nekundiporesa. Ndinofamba muchokwadi ichi muupenyu hwangu. Nhasi ndinosarudza kumuvonga nekumuparutendo nekuti Ndiye simba rangu nenhoo yangu.

“Jehovha ndiye simba rangu nenhoo yangu; mwoyo wangu unovimba naye, uye ndinobatsirwa. Naizvozvo mwoyo wangu unokwakuka nomufaro uye ndichamuvonga nerwiyo rwangu.” (Mapisarema 28:7)

**Nesimba nechiremera chaMweya Mutsvene, ndinoisa chidziviso paorongwa hwemuveni maererano nemaziso angu. Ndino-ramba upi zvawo mutoo weubofu, kana urwere hunokonzera ubofu. Maziso angu haana chipomerwa. Anoshanda maringe nezvakatarwa naMwari kuti aite.**

Handisi munhuwo zvake. Izvo Baba vaine upenyu mavari, nekudaro, Vakandipa upenyu hwavo uhwo husina muganhu. Ndinofamba nesimba uye nekugona kwedenga nhasi nezita raJesu!

“Izvo Baba vaine upenyu mavari, vakapawo kuMukorore kuti ave nehupenyu maari.” (Johane 5:26)

Mashoko angu anopinza kudarika munondo unocheka mativi maviri. Anotakura simba rekubvisa kutambudzwa, urwere uye hoshadzema. Izvozvi, ndinodzinga ipi zvayo hoshadzema, kana kusagadzika kungadai kuchiedza kunamati-rana nemuviri wangu. Hazvichadzoki zvachose nezita raJesu!

“Nokuti shoko raMwari ibenyu uye rine simba. Rinopinza kukunda munondo unocheka kumativi maviri, rinobaya kunyange kusvikira pano-paradzana mwoyo nomweya, namafundo nomongo; rinotonga mifungo nendangariro dzomwoyo.” (VaHebheru 4:12)

**Ndiri mudziyo wesimba unofamba, unotaura. Nemashoko angu, mweya unotambudzwa unokonzera kusanzwa nekusataura waparadzwa. Ndino-raira nzeve dzangu dzivhure, rurimi rwangu rusunungure, kubva nhasi, ndinonzwa kwazvo, ndinotaura kwazvo nezita raJesu rine simba! Hareruya!**

# Kukunda Kwekutenda

*Rwendo rwaSisi Felician  
Campbell Kubva kuUngom-  
wa Kusvikaku Ropafadzo!*





## Kwemakore akareba kwazvo gumi nemashanu, upenyu hwaFelician hwaiva renje risina zvizibereko. Asi mukati medongo imomo, kachiedza ketariro kakavepo.

Mudhorobha rekuEngland, uko chizevezeve cheminana chinonzwika nenguva iri kure, ndiko kwaigara Sisi Felician Campbell. Upenyu hwavo hwaiva chiratidzo chekutenda kusingazungunuki uye simba renyasha risina muganhu. Mushure mekuroowa, Felicia aitarisira nameso matsvuku mufaro wekuva amai, nyakubereka. Zvakadaro, mwedzi yakapindana ikava makore, tarisiro iya sare yave marwadzo emuchinyararire. Zviratidzo zvaitarisirwa pakubata kwemimba hazvina kumbovepo, tariro ndokutanga kutsvedza.

Ana chiremba, neunyanzvi hwavo muongororo, vakabata kuti chibereko chavo chainge chakaipa kudivi reruboshwe, vakazivisa kuti mamiriro aya ainge asingagadziriki zvachose. Kunyangwe zvavo vaiva nezvikwanisiro zvekuedza dzimwe nzira, ana mazvikokota vakatsinhira ongororo inonyangadza iyi: Felician haaikwanisa kuzvara vana zvachose.

Mutongo uyu waisangova mutongo wekuchipatara chete asi wakava mutoro unorema mumoyo make. Chitambi cheungomwa chakanamati-ra paari, ichi chiratidzo chenyardzi munzanga inoenzanisa kuva munhukadzi nekukwanisa kwake kuita mbereko.

Zvisinei kuti murume wake aimutsigira zvisina kuzungunuka, Felician akabatikana nevanhu vaimutongesa zvisina tsitsi. Hama neshamwari, vaimbova vepedyo, vakatanga kutambira kure navo, vamwe vachinyomba nyatwa yaainge apindana nayo. Mutoro wekunyomba kwavo wakamanikidza kuti ave kwake ega. Huvepo hwake hwemufaro hwakasvava, pakasara rangova demhe remunhu aaimbova pamakarekare, kudzimbikana kwake kwepamoyo pamwe nemupfungwa kwakatanga kuratidzika pachimiro chake; akaperera muviri zvinotyisa, simba rasvetwa nekupeperwa panyaya iyi.

Kwemakore akareba kwazvo gumi nemashanu, upenyu hwaFelician hwaiva renje risina zvizibereko. Asi mukati medongo imomo, kachiedza ketariro kakavepo. Raiva zuva raiita serisina chinoshamisira mariri apo akasangana nenyasha dzinoshamisa dzemunhu waMwari Vanoremekedzwa Zvikuru, Muporofita Uebert Angel. Paakapinda muSpirit Embassy yekuLondon, kusanganidzana kwega kwakaita Felician neMuporofita ndekwekumhoreswa neruoko gume. Kanguva ikako kaigona kuva zvimwe zvinhu asi kwete zvakajairika.

Felician akaisa ruoko rwake, rwanga rwazadzwa zvino nezodzo reMuporofita, padumbu rake akabva anzwa kusimuka kwesimba. Panguva iyoyo, akaziva kuti munana wake wainge watanga.

Papera masvondo maviri, akarara, Muporofita Angel vakauya kuhope dzake muchiratidzo, vachizivisa nemazvo edenga kuti Felician aiva azvitakura nemimba ine mayhiki maviri, maminitsi maviri, nemasekondi makumi matatu nemana. Nekuremerwa, Felician akamhanya kunoona ana chiremba vamwechete vainge vakambomurasisa tariro. Ongororo yakasimbisa zvaanga ave kutoziva mumoyo make: aiva nemimba. Ana muzvinafundo wemuzvipatara vakakatyamadzwa nazvo. Ana mazvikokota wekurapa, avo vainge vambotaura zvekusagoneka kwazvo zvachose, vakaungana vachishamisika kwazo, vachipenengura munana waichepesa ruzivo rwavo rwebasa.

Felician akatsanagura shanduko iyi zviri nyore: ainge asanganidzwa nemunhu waMwari, Muporofita Uebert Angel, kuburikidza nenyasha dziri pavari, dambudziko raaiva naro rakatendeudzwa. Kunyangwe madhokotera aisazvitenda akaita tsvagurudzo paMuporofita Angel, vachiona nameso avo simba redenga richishandamavari.

Mimba yake yakaenderera mberi pasina kana chinetswa. Nguva yasvika, vakabatsirwa nemwanasikana mutano, akanaka mukati me awa imwechete chete, mucherechedzo wekupindira kwemunana waainge agamuchira. Achisimbiswa nechitiko chinoshamisa ichi, kutenda kwaFelician kwakavandudzwa. Akanotsvagazve ropafadzo yeMuporofita. Iri dzokororo, kuchingamidzwa neruoko kwakaunza zodzo, zvekare, akabata pamuviri. Nhumbu yepiri iyi yakaendeka zvakatsetseka seyepakutanga, izvo zvakasiya ana chiremba vakavhiringidzika uye vachishamisika nemunana uyu.

Ana mazvikokota vakasimbisa kuti chibereko chaFelicia chainge chasikwa patsva zvisingatsananguriki, uye madhokotera akati chibereko chake chaita sechemhandara ine makore gumi nemasere. Anga ave kukwanisa kubata pamuviri nekubereka vana kusvika paanoda. Nyaya yake yakave.

mureza wetariro, nyanzvi dzezvekurapa dzikaita zvidzidzo piri uye wakave mucherechedzo wekutenda kwakakunda fundo. Pakaperera kugona kwemunhu, kupindira kwedenga kwakatangira ipapo, kushaya mbereko kukashandurwa kuve uwandu.



Nyaya yaSisi Felician Campbell haisi chete pamunana wembereko, nyaya iri pakukunda kwekutenda, simba renyasha dzedenga, uye kutenda kusingazungunutswi kuti panotadzwa nemunhu wenyama, Murapi Jesu anoporesa. Kuburikidza nemaoko eMuporofita Uebert Angel, upenyu hwaFelician hwakashandurwa, chibereko chikaropafadzwa, mweya wake ukadzozwa pekare, zvichiratidza kuti hakuna muganhu pane zvinogona kuitika nekutenda neminana yakunounza.

Felician anotenda zvikuru Muporofita Uebert Angel nekushandura kusuwa kwake kuti kuve mufaro wakawandudzwa. Iko zvino, achitarisa vanasikana vake vaviri vanokosha, mwoyo wake unofashukira nemufaro nerutendo. “Mazvita henyu, munhu waMwari, upenyu hwenyu ngahuzadzwe nemakomborero anogara aripo nebudiriro.”

BATANAI NESU  
MUTORE MUKANA UNO  
WAKASARUDZIKA  
KUTI

**MUBATIRANE  
NAMWARI  
UYE NE  
DENGA**

BATIRANAI NE  
**HEALING  
INSTITUTE**

[WWW.HEALINGINSTITUTE.ORG/PARTNER](http://WWW.HEALINGINSTITUTE.ORG/PARTNER)

**PARTNER  
NOW**

# Kunzwisisa Kuchengetedza Uremu Hwemuviri

Kufuta kwave kuonekwa serimwe rematambudzi-ko akakosha pakati pemamwe pasi rose maringe neutano hwevanhu nefungidziro yekuti vanhu vanopfuura bhirioni rimwe panyika vanorarama nedambudziko iri, pakati pavo, mamirioni mazana masere nemakumi masere vanhu vakuru uye zana nemakumi mashanu nepfumbamwe vana vane makore mashanu kusvika gumi nepfumbabwe. Kuziva chokwadi chekudzora uremu hwemuviri kunogona kukubatsira kupatsanura zvinoshanda nezvisingashandi. Usamhanyidzane nenzira dzinodhura dzekudzora uremu, idzo dzinoshambadza nevimbiso yemhedzisiro inoshamisa. Hakuna mashiripiti pakudzora uremu. Kudzora uremu kunokubatsira zvishinji, somuenzaniso, kunobatsira kederedza mukana wekurwara neBP, matambudzi-ko anokonzerwa nekuwanda kwemafuta mumuviri, shuga, chirwere chemoyo, siti-roko, kutambudzi-ka pakurara, gomarara uye utano hwepfungwa.

Hedzinoi nzira dzingakubatsira parwendo rwako rwekuchengetedza uremu:

- Cherechedza zvaunodya
- Wanza kudya kusingakurumidzi kukwidza shuga yemuropa michero, miriwo, uye zvirimwa zvemumunda zvine utano hwakati wandei
- Idya nyama kaviri kana katatu pavhiki. Hove nehuku zvine utano kudarika nyama tsvuku nesochisi
- Ita chinangwa chinogoneka, uye ita moyo murefu. Zvese kuwedzera kana kudzora uremu zvinotora nguva.
- Gara nechikero chako chemumba chinokubatsira kutarisa uremu hwako nemazvo.
- Rovedza muviri nguva dzose. Unogona kufamba, kufamba pamasitepisi kana zvimwe zvekurovedza muviri nenyanyiso.

Hapana zvachose panganzi wanonoka kutanga

## Tsika Dzakapararira Dzisina Kunaka

**i** Hedzinoi tsika dzepamusoro-soro dzaungaita zuva nezuva kuti upindukire kuraramo ine utano nemufaro.

### *Kusanwa mvura yakakwana,*

Zvinokurudzirwa kunwa makomichi emvura matanhatu kusvika kusere pazuva. Kusanwa mvura yakakwana kunogona kukonzera kutemwa nemusoro, kukwakwashara kweganda, hosha munzira yekurasa mvura mumuviri-matombo eitsvo, kusafamba kwetsvina mumuviri, chirwere chemabhonzho, uye kusaona zvakanaka nezvimwewo.

### *Kufuratira zviratidzo zveurwere,*

Kana paine chisiri kunzwisisa mumuviri wako, haufanire kuzvifuratira kana kuvimba kuti zvichapera zvega nekufamba kwenguva. Ona chekuita nezvazvo.

### *Kuzvirapa,*

Edza nepese paunogona kufuratira kese kawanzwa kachishambadzwakuti kanorapa. Ita ongoro netsvakurudzo yako zvizere, kana kutaura nenyanzvi dzeutano.

### *Kusanotariswa utano,*

Zvinokurudzirwa kunotariswa utano kuzvipatara pano neapo. Izvi zvinokubatsira kugadzirisa zvipomerwa neku-kasika uye kuvhika mamwe matambudziko eutano asati asvika.

### *Kunon'ona nzeve nekamuti,*

Nzeve yakagadzirwa kuti izvigezese. Kamuti kekunon'ona nzeve kanogona kukonzera kunamirana kwemafunzu kana kukuvadza mukati menzeve.

### *Kurara kwenguva yakarebesa,*

Ibva pamubhedha kana usina kurara. Kushandisa kombiyuta uri pamubhedha kunokuvadza musana.

“**Nakidzwa nemararamiro  
ane hutano!**”



WATCH  
Healing Institute TV  
YouTube




# Simba reKutaura

Kuti unzwise simba rekutaura maerera-  
no nekuporeswa kwako, tinofanira kutari-  
sa magwaro maviri akakosha muna Ma-  
vambo chikamu chepiri. Ngatitarisei  
gwaro rekutanga pavhesi 7:

Mavambo 2:7

Jehovha Mwari akaumba munhu kubva  
paguruva revhu uye akafemera mweya  
woupenyu mumhino dzake, [simbiso] uye  
munhu akava mupenyu.

Mwari akafemera mumunhu waainge  
aumba kubva muvhu, munhu akatanga  
kurarama. Uri kupaona here? Akafemera  
upenyu hweuMwari mumunhu kuti amu-  
mutse kuupenyu.



## *The God-Kind of Faith*

by Prophet  
Uebert Angel

Ona dzimwe nhau  
kwakaperera chinyorwa  
chino

Zvino, muna Mavambo chikamu  
chepiri, pavhesi 19 ne20, Mwari  
anongogadzira mhuka asi haafemeri  
mweya weupenyu madziri. Chichere-  
chedza zvinoitika muvhesi 19:

Mavambo 2:19

Zvino Jehovha Mwari akanga aumba  
kubva muvhu, mhuka dzose dzesango  
neshiri dzose dzedenga. Akazviuyisa  
kumunhu [simbiso] kuti aone kuti  
achazvitumidza mazita api ...

Sei Mwari asina kufemera mweya  
weupenyu mumhuka, uye sei  
akadziunza kuna Adam? Hezvinoi  
zvakazarurwa pazviri.

Izwi ekuti ‘api’ muvhesi 19 rinoreva zvimwechete nekuti ‘sei’ uye izwi rekuti “kutumidza” rinoreva zvemwechete neriri muna vaRoma, apo Mwari anozivikanwa seUyo “anodaidza izvo zvinhu zvisina uvepo sokunga zvine uvepo.” Unogona kuzvitsvaga kuti zvakakosherei izvozvo uye zvine chekuita chei pane chikamu chekutura panyaya dzekuvandudza kutenda kwekuti uporeswe, ramba uineni pano, nditsanangure.

Ukatarisa zvekare pavhesi remuna Mavambo 2:19, unoona kuti kunyangwe zvazvo Mwari akasika mhuka akadziumba kubva muvhu, achidziita kuti dzionekwe panyama, Haasiriye akananganisa zviito zvekuti mhuka dzifambe. Zvino, usapotsa izvi! Mwari, apedza kusika mhuka nekudziumba kubva muvhu, akashandisa Adam kuti aite mhuka dzitange kufamba, semaitiro aakazviita nekuita kuti Adam ashande mubindu, achiridiridza kuti zvirimwa zvive zvipepenyu! Nemamwe mazwi, Adam aishandisa simba raMwari pane zvanga zvasikwa naMwari kare.

Cherechedza apa kuti Adam haana kushandisa simba rake ega. Panzvimbo paro, akashandisa simba raMwari. Simba nderaMwari nguva dzose. Tomboti hausi kubvumirana neni, rega ndikuonese zvisina kupokana pane izvi kubva muShoko raMwari. Muna 2 Vakorinde chikamu 4, vhesi 7, Mupositora Pauro anoti:

2 Vakorinde 4:7

Asi pfuma iyi tinayo mumidziyo yevhu kuratidza kuti simba iri rinopfuura zvose rinobva kuna Mwari kwete kwatiri.

Zvino, Mwari akaumba munhu kubva muvhu akafemera maari kuti ave mupepenyu, asi pazvakauya kumhuka, Akangodziumba chete ndokudziunza kuna Adam. Izvozvo zvakapa Adam mukana wekushandisa kugona kwake KUTAU-RA, Adam akadaidza mhuka dzikabva dzatotanga kufamba ipapo! Izvi zvino-wedzera kujeka paunotarisa zvinotaurwa nevhesi riri muna Mavambo 2:19 mururimi rwepakutanga:

Mavambo 2:19

Zvino Jehovha Mwari akanga aumba kubva muvhu, mhuka dzose dzesango neshiri dzose dzedenga. Akazviuyisa kumunhu kuti aone kuti achazvitumidza

mazita api uye chisikwa chipenyu chimwe nechimwe sezvachakatumidzwa nomunhu, ndiro rakava zita racho.

Adam haana kungotumidza zita chete pamhuka yega yega asi AKATAURA, mhuka yacho yobva yatanga kufamba. Ndokusaka Mwari vasina kufemera mweya weupenyu mumhuka. Panga pasina chikonzero! Hona ka, uri mukorore kana mukunda waMwari, uye une muromo wekutura uchidaidza zvinhu kuti zrivepo; muromo mumwe iwoyo hausi wekudya chete. Zvifunge, nyatso-tora nguva uchifunga nezvazvo, zviise mumweya wako, wadaro woramba UCHITAU-RA kuti zvazadziswa, kunyangwe usiri kuona kuvapo kwazvo panyama. Zvechokwadi unogona kuva nazvo zvinhu zvaunotaura! Chingotora nguva uchifunga zvauri kuda, pedzezvo wochizvitaura. Mushure mekutura, zviito zvako ngazvive sekunge watwana zvauri kutarisira. Kana wanga usingagoni kufamba kana kukotama, uruka nekutenda uchitaura kupora kwako uye woita zvawaisakwanisa kuita mumashure. Neuto rinova Mweya Mutsvene ari mauri, une simba rinodarika iro Mwari akapa kuna Adam apo akasikwa nekuumbwa. Zvitaure!

Taura zvido zvemoyo wako zvinonangana nekuda kwaMwari kuti zvigovapo!

Iko zvino wave kuziva kuti simba riripo, chiita; taura sezvinoita Mwari. Bhaibheri rinotaura izvi muna Ruka chikamu 6, vhesi 45:

Ruka 6:45

Munhu akanaka anobudisa zvinhu zvakakanaka zvachangengetwa mumwoyo make.

Ona, unogona kutaura kupora zvinoshamisira pasi rose, asi unofanira kuzadzwa neShoko. Muromo unotaura chete zvinobva patsime, rinova moyo wako, kuzara kwawo. Zvizadze neShoko rine chekuita nekupora kwedenga. Iva nechivimbo chezvauri muna Kristu wotaura chaizvo zvauri kuda maringe neutano hwako. Mambo Jesu akati, “...muri vamwari ... uye Rugwaro harungaputswi.” (Johani 10:34-35). Saizvozvo, ‘Adam’ zvinoreva “munhu waMwari.” Vakomana, Jesu ndinomuda! Uri kuzviona? Uri mwari pauri ipapo uchiverenga izvi, hapana chirwere chingakudzivisa kana ukangoTAURA KUDARO!

## Resources


Get your limited-edition merchandise today



T-shirts



Hoodies



Notebooks



Pens



Wristbands

[WWW.HEALINGINSTITUTE.ORG](http://WWW.HEALINGINSTITUTE.ORG)

Visit our website for more information


# BHUKU RAKANYORWA NA PROPHET UEBERT ANGEL

ZVOKUITA KUTI UVE

NEKUTENDA KUNOBVISA MAKOMO

KWAKASIKA

PASI ROSE



Muna Mateo chikamu 9, vhesi 19 kusvika 22, tinoona nyaya yemudzimai uyo aiva nedambudziko rekubuda ropa uye mashandisiro aakaita chikamu chekutaure chiri mukutenda kwaMwari. Aiva nechidokwairo mumoyo make, chidokwairo chekuti apore. Airwara kwemakore gumi nemaviri akaenda kumadhokotera asi hapana chakabatsira. Mushure mekutadza kuwana rubatsiro, akanzwa nezvaMambo Jesu, uye Bhaibheri rinoti, “airamba ACHITI ndikangobata chete nguo yake.” Ngatipatarise muna Mateo chikamu 9 vhesi 19 kusvika 21:

Mateo 9:19 – 21

Jesu akasimuka akaenda naye pamwe chete navadzidzi vake. Pakarepo mumwewo mudzimai aitambudzwa nechirwere chokubuda ropa kwamakore gumi namaviri akauya shure kwake akasvikobata mupendero wenguo yake. Akati nechomumwoyo, “Ndikangobata chete nguo yake, ndichaporeswa.”

Shoko rinoenderera kutiudza muvhesi 22 kuti “mudzimai uyu akabva aporeswa pakarepo.” Sei zvakaikita? Akashandisa chikamu chekutaure. Akaramba achitaura! Akaramba achitaura! Akaramba achitaura! Kana newewo unofanirwa kudaro! Pandinotarisa nyaya yemudzimai uyu, ndinorangaridzwa nezverimwe gwaro rinoti, “Nenzira iyi shoko raMwari rakapararira kwazo uye rikakura masimba!” (Mabasa 19:20). Zvino, kana Shoko rakakura muEfeso, rinogona kukura mumuviri mako, bundu ririmo rikanyangarika. Izvi ndizvo zvandinoina. Ndinotora magwara anobata nyaya yangu. Ndosimudza maoko angu, ndoswatudza mapfudzi angu, ndotaura ndichidaidzira nousingi. Kana Shoko rakakura muEfeso, richakura mumuviri wako rigobvisa urwere hwese. Kana rakakura muEfeso, apa iwe unochengeta Shoko mumuromo mako, richakura rigokubvisa kubva kuurombo kuenda kubudiriro, kuurwere kuenda kutano. Unokwanisa kuwana zvaunotaura!

Uku ndiko kutenda kwaMwari kunounza kuporeswa kumuviri wako. Iva munhu anotaura. Gadzira gwara reupenyu hwako nemashoko ako, udza urwere ihwohwo huende ipapo uchava nezvaunotaura. Iyi haisi vimbiso. Zvakatarwa nedenga zvikapiwa kunana mwari, vana vake: iwe neni!

Mubhuku “The God-Kind of Faith” vakakurumbira pasi rose Muporofita, Mudzidzisi Uye munyori, Uebert Angel, vanoenda nevaverengi parwendo runoshamisa kupinda makadzika-dzika mekutenda, nekugona kwako kwakadzama kuumbiridza kuvapo kwezvinhu pachako. Vachifemerwa nenyaya dzeBhaibheri uye nezvavakapindana nazvo muupenyu hwavo, Muporofita Angel vanoibvunza mubvunzo wakadzama: Ko dai vanhuho zvawo waiva nekutenda kumwe chete naMwari, vachizokwanisa nako, kuraira kuvepo kwezvinhu sezvakangoitwa naMwari pakusika?

Kuburikidza neunyanzvi hwekutaure nyaya kwakajeka, Uebert Angel anopenengura simba rinogona kuwanika pakutenda nekukwanisa kwaro kupfuurira miganhu yeizvo zvakatarwa kuti zvinogona kuitika. Vachiongorora mabasa nezviito zvavo pamwe nezvevasharukwa vari muBhaibheri, kubva pakutenda kwakaita kuti Mozisi apatsanure gungwa reRed Sea kusvika kukutenda kwakaraitidzwa naMambo Jesu, Muporofita Angel vanoratidza nzira dzakashandiswa dzekutenda munhorondo dzose dzinova dzakaburitsa mhedzisiro dzinoshamisa uye vanoratidza kuti simba rimwero richiri kurarama muzuva ranhasi, uye pamwero wakakura kudarika wakare.

Wongororo netsvagurudzo inokwezvera iyi inosanganisa hwangwadza iri pakati pefundo yebhaibheri nezvinoitika pamweya, izvo zvinokoka vaverengi kuti vatangewo rwendo rwavo rwepamweya zvine udzamu kuti vawevo neKutenda Kwakasiika Nyika. Bhuku iri rinopa matanho anoshanda kuti vanhu vadzidzire nekusimbisa mbure kutenda kwavo kwerudzi rwaMwari, vachishandisa nhayo dzakanyururwa mushure memunyengerero une ongororo, kufungisisa, uye kushandisa tsandanyama dzekutenda.

Nemutauriro unopa simba uye kuenzanisa kwounyanzvi divi redzidzo yeBhaibheri nezvepamweya, bhuku re ‘The God-Kind Of Faith’ rinokurudzira vaverengi kuti vatore simba rinopa shanduko iro riri mukutenda kunosika uku. Rinovakurudzira kuti vasangotenda chete zvinogona kuitika muupenyu hwavo asi kuti vagamuchire chinzvimbo chavo sevabatori pakusika munyika yakavepo nemasimba makuru eketenda.

Apo vaverengi vanozvinyudza mukuverenga bhuku “The God-Kind Of Faith,” vanoshingiswa kuti vatange rwavo rwendo rwemweya uye kuti vavhurire kugoneka kwezvinhu zvisina miganhu kuri pedyo nayo. Bhuku iri rinoshanda semwenje unotungamirira nzira yekuwanikidza simba rekutenda rinoshandura uye kukwanisa kwaro kuumba zvese upenyu hwenunhu, uye nyika nekukura kwayo uye kuita minana, zviratidzo nezvishamiso.

Isa Odha Yebhuku Rako Nhasi!

[WWW.UEBERTANGEL.ORG/BOOKS](http://WWW.UEBERTANGEL.ORG/BOOKS)

## MUNAMATO WERUPONESO

Tinokukoka kuti uite  
Jesu Kristu ave Mambo  
weupenyu hwako  
nekuita munamoto uyu.

“Mwari Mambo,  
ndinouya kwamuri nezita  
raJesu Kristu.  
Ndinotenda nemoyo  
wangu wose muna Jesu  
Kristu, Mukorore  
waMwari mupenyu.  
Ndinotenda akandifira  
uye makamumutsa  
kuvafi. Ndinotenda  
mupenyu Nhasi.  
Ndinotaura nemuromo  
wangu kuti Jesu  
Kristu ndiye Mambo  
weupenyu hwangu kubwa  
nhasi. Kuburikidza naye  
uye nemuzita rake,  
ndine hupenyu  
husingaperi. Ndazvarwa  
patsva! Mazvita, Mambo,  
nekuponesa mwewa  
wangu. Ndave mwana  
waMwari. Hareruya!

MAKOROKOTO! Wave  
Mwana waMwari.

## Batirana Nesu

Tinotenda zvikuru kune vakazvipira ku-  
batirana nesu nerutsigirwo rwavo. Kupa  
kwenyu kwakabatsira chose mubasa redu  
rekubatanidza pasi rose nesimba raMwari  
rekuropesa. Nekuda kwekubatirana  
kwenyu nesu, tiri kuparadzira  
‘Shoko reNguva Ino’ kumativi  
mana enyika, tichibata avo vasingabatike  
munyika nenharaunda yega yega,  
nzira huru neduku dzose, makomo  
nemipata yose, hapana kwatisiri kubata.

Kupa kwenyu kwakatipa zvikanisiro  
kuti tigovere pachena, Magazini  
Rekuporeswa, izvo zvakaparadzira Mberi  
shoko rakadzama rekuropesa, zvapupu  
zvinoshandura upenyu, uye tariro.  
Sezvakanyorwa muna 1 Samuiri 30:24,  
“...Mugove womunhu akasara  
achichengeta nhumbi unofanira kuva  
wakaenzana nowouyo akaenda kuhondo.”  
Pamwechete neMuporofita,  
Muporofita Uebert Angel, muri  
kurwa muhondo muri mberi.

Kana musati mave kubatirana nesu,  
pindai parwendo runaku urwu nesu  
tibatane pakuparadzira ‘Shoko reNguva  
Ino,’ dama rakanaka, nhau dzakanyanyisa  
kunaka kuti dzive dzechokwadi. Kuno  
kuHealing Institute, tinokupai mukana  
wakasarudzwa kuti muite musiyano  
unobatika muhupenyu hwevanhu  
mamiriyoni vakatekeshera pasi rose. Iva  
Mubati Nesu Nhasi!

## *batanai nesu*

Kuti uwane rumwe ruzivo  
rwekuti ungakura sei  
semuKristu, tapota tibate:  
UK : +44 3333 448 612  
USA : +1 240 781 6942  
RSA : +27 51 004 0209  
kana kuti kurukurai nesu  
padandemutande riri  
pasi

**RUPONESO  
NDICHO  
CHEKUTANGA**

CHAT WITH US ON  
[WWW.HEALINGINSTITUTE.ORG](http://WWW.HEALINGINSTITUTE.ORG)



**Kutarisana  
Mumaziso  
neRufu**

# Nyaya ya Sisi Sylvia inoti zvese kudzimba moyo nekupa kurudziro, inonyatsoruka zvakajeka zvazvinoreva kumisidzana nerufu pedyo-pedyo. Ichokwadi chinovhundutsa zvekuti hapana angada ku- sangana nacho mukurara- ma, asi ndirwo rwakava rwendo rwake.

Sisi Sylvia vakarwara nechainge chirwere 'chamazuva ose' ndokuen-da zvavo kunoona madhokotera. Zvinhu zvakashanduka zvinodzimba moyo, vakamisidzana nechokwadi chisina tsitsi, "Mune gomarara repanhengo yechikadzi rave padanho rechina," muvengi asingarapiki. Mashoko achiremba anorema akarambirira mumhepo. "Pane kamukana kadiki kwazvo kekurarama, asi hazvisi zvenguva refu." Vakazadzwa nekusaziva chokwadi vakabvunza chiremba "ndasara nemazuva, masvondo, mwedzi kana makore here?" asi chiremba vaisava nemhinduro izere.

Kwavari nyika yakabva yapidiguka panguva yavakabva muhofisi machiremba, yashandurwa zvachose nenhau dzinotyisa. Semvuri werufu waivavinga, pfungwa dzavo dzakata-ma kubva kuhupenyu kuenda kumhedzisiro isingatizike. Vakatangwa kuonera vende raizosara kumhuri yavo kana vasisipo, kunyanya kumukorore wavo. Vachitambudzika neku-gamuchira kurasikirwa kwanga ku-chiuya uku, muviri wavo

wakazvitevedzerawo, wave kuzvipira kuruoko rusina tsitsi rwechirwere ichi. Chido chekudya chikafu chakaitiza, semaendero anga ave kuitawo shungu dzavo dzekurarama.

Pasina chikafu chinovaka muviri, mushonga wakatanga kusashanda, zvino matsamba achiremba akange ave kuzadzikiswa sechokwadi muupenyu hwake. Mudzimai azere neupenyu waaimbova akatangwa kushanduka pachimiro sezvo kakuzungunutsa kese kemuviri kaikonzera marwadzo akanyanya, uye mabhonzvo avo akange abatira pakamudzoka kenyama kaperezeka. Chega chaivaikwanisa kuita kurara vorega kuzungunika napose paigoneka.

Sisi Sylvia, avo vaimbova umwe wevaimbi vanokosha mukirike vakabva vave demhe remunhu wavaimbova mushure mekunge urwere hwavaparadza muviri. Vakavaona, vachikatya-madzwa neshanduko yavo, vakanetseka kubatanidza munhu aiva mberikwavo neuyo wekumashure wavaiziva azere neupenyu. Umwe wevakavaona,


akabatikana zvikuru nekudzikira kunoshamisa kwavainge vaita zvekuti akatadza kudzora dutu remarwadzo rakamubata achiona kuperezeka kwavanga vaita. Kuvaona vazodzikira kudai, ivo vaimbopfachukira neupenyu neraramo, zvakakodzonga tsime rekusuruwara kukuru maari. Zvisinei nekamoyo kakambobata munhu akavaona uyu kuti avataudze, akazvidzora aona kuti chero kultura kwacho kwaizovaremera nekuratidzika kwekupera simba kwemuviri wavo. Musiyano wakanyanya uyu pakati pemunhu wemufaro wavaimbove, nezvavakange vave ipapo vachitobatsirwa nevamwe kuita zvose, zvakapa chimiro chisina kunaka. Marwadzo avo aioneka kumeso kwavo aisara pasi tichienzanisa nekusuruwara kwakadzama kwaioneka mumaziso avo, izvo zvairatidza kushungurudzika kwemweya nendangariro dzezvavaimbove chirwere chisati chavabata.

Neimwe Svondo, vakafunga kukokera simba rese ravaikwanisa, vakanyengetedza vaivabatsira kuti vavaunze kuchechi, chero chaizovawana musi iwoyo, chaivawana vari-muchechi. Vakauya vakagadzirira kufema kekupedzisira, sezvo vakazviudza mangwanani iwayo, “kana ndikafa nhasi, zvirinani ndifire muchechi.” Sezvinei, denga rakapindira rikashandura magumo azvo zuva iroro. Vanoremekedzwa Zvikuru, Muporofita Uebert Angel, Mudziyo waMwari uri kushandiswa naye kuporesa vanorwara kunyika dzekure nepedo, zvaisatarisirwa naSisi Sylvia, vakavanamatira vachidonongodza chairo raiva dambudziko ravo.

Muporofita vakaenderera mberi nokuvapa rairidzo yekuti vapfuurire mberi neurongwa hweopareshehi asi vakataura mashoko anopa upenyu aya, “Hausi kuzofa, asi ucharama.” Nguva iyi yanga yakarongwa naMwari Omene. Mhando yezviitiko zvezuva iroro yakave umboo hweruoko rwaMwari rwemunana. Oparesheni yanga yakatarwa iyi yaisava nemukana wekuti munhu ararama, sekuziva kwemadhokotera, asi Sisi Sylvia vakabatira pamashoko eMuporofita.

Oparesheni yasisi Sylvia yainge yakatarwa kwemaawa maviri yakaenderera ikatora maawa manomwe vari muimba yeopareshehi. Zvisinei, maringe nechiporofita cheMuporofita Uebert Angel, nerayiridzo yavo, basa iri rakabudirira chose. Apo nzira yeku rapa yemazuva ose yaizoda kuteerwa nekumwe kurapa kunosanganisira kupisa gomara nemoto muzhinji uye kurirwisa nemushonga, kupindira kwedenga kubudikidza nerairidzo yechiporofita kwakaita kuti zvese zvisadikanwe.

Ongororo yakaitwa sisi Sylvia kuchipatara yakaratidza mhinduro yemunana, vakazivisa kuti vakange VASISINA GOMARRA, chikava chipupuro cheShoko raMwari rakataurwa nemuranda wake, Muporofita. Mushure memakore matatu, upenyu hwaSisi Sylvia hwakashandurwa kuve mufaro nesimba. Senhengo yakakosha yevaimbi vemuchechi, moyo wavo unopfachukira nemufaro nerutendo, vasunungurwa kubva kuusungwa hweurwere. Vongai Mambo!





# ZVAPUPU ZVEHUPENYU HWECHOKWADI ZVEKUPORESWA

## Mhuri Yakaporeswa Zvirwere

**Zvakasiyana-siyana**  
Ndinobva ku Manchester, muUnited Kingdom, ndakaona munanana unoshamisira wakashandura hupenyu hwangu zvachose pandakapinda chirongwa cheInternational Pastors and Leaders' Summit (IPLS) muHarare, Zimbabwe muna 2023. Mudzimai wangu akandiisira meseji yekuti ndiratidze nhare yangu kuMuporofita.

Muporofita Uebert Angel, nezodzo ravo rinoshamisira, vakabata nhare yangu ndokuzivisa, "Hapana urwere hungatadzikwa naMwari." Ndaisaziva, mhuri yangu kuManchester yanga iri pakati penyatwa yeurwere. Munguva iyoyu yekutenda uye kupindira kwedenga, mazwi ane simba eMuporofita akaitika. Zvemunana, mhuri yangu yose yakapora ipapo.

Kumucheche wangu kupisa muviri kwakapera, ambuya wangu marwadzo emuchipfuva akapera, uye vanakomana vangu maviri vakuru, avo vaingorutsa zvisingaperi, vakapora chiriporipocho. Ndinoshamisira kwazvo nezodzo remhando iyi riri muSpirit Embassy, The GoodNews Church pasi pezodzo reMuporofita wedu. Nerutendo rwakadzama, ndinotenda Muporofita Uebert Angel nemunana unoshandura upenyu uye ndinokudza mutsindo mukuru wakaitwa nesangano rino muhupenyu hwangu nehwehuru yangu.

Rob na Victoria Owens - United Kingdom

## Chirwere cheShuga Chinorapwa

Ndairwara neshuga uye mudumbu mema asidhi. Ndaisarudza zvakananyanya kudya kwangu, ndisingadyi madomasi, zvinwiwa zvine asidhi, uye kudya kwaidenha ma asidhi aya. Ndakanyoresa kuchirongwa che-Healing Sunday neMuporofita Uebert Angel, ndichiziva zvai-zondipa kupora kwandaisvaga. Ipapo, shuga yaiva pa 13 kunova kukwira kwakananyanya. Panguva

yainamatirwa varwere, Muporofita vakaturika maoko avo pandiri. Pakarepo ndakanoongororwa, Mwari akudzwe, shuga yainge Yadzika kusvika ku7, ikawedzera Kuenda ku4. Ikozvino ndave kukwanisa kudya kwandaisakwanisa, ndapora zvizere. Mazvita, Muporofita Uebert Angel, nekushandura upenyu hwangu.

Priscilla Muzariri - Zimbabwe, Africa



## Stiff Person Syndrome Inorapwa

Makore maviri ekutambura neStiff Person Syndrome, kuzvirwisa kwemuviri uye kukanganisika kwetsinga, Mukoma Absorn vaive nedutu remasojira emuviri anosvika zviuru zviviri, ayo akawandisa kupfuura gumi kana pasi anotariswa mumuviri mutano. Vasingagone kufamba kana kuzunguzika, upenyu hwavo hwanga huzere miganhu. Zvisinei, mushure mekunamatirwa neMuporofita Uebert Angel, shanduko yemunana yakaitika. Vachingobva mukunamatirwa, vakakwanisa kukotama, kubata tsoka dzavo, uye kufamba-famba zvakanaka, zvinova zvaisakwanisa kuita kumashure. Vakapora zvizere nesimba raMwari rekuporesa. Muporofita Uebert Angel vari kushandura upenyu hwevanhu nemaoko avo akazodzerwa kuporesa. Vongai Mambo!

Absorn - Zimbabwe, Africa

## Musana Wakakuvara (Prolapsed L4 & L5 Disc) Unorapwa

Makore makumi maviri apfuura ndakazvikuvadza ndichisimudza masimbi anorema uye pakarepo ndakanzwa kurwadziwa kwakananyanya kumusana wangu. Ndaisakwanisa kufamba, kugara kana kusimuka. Chiremba vakandiudza kuti madiski L4 ne L5 emusana wangu ainge akuvara uye Hapana chaikwanisa kuitwa nezvazvo. Ndaifanira kugara nemarwadzo aya upenyu hwangu hwose uye ndichimwa mushonga wakasimba wekunyaradza marwadzo, asi kutadza kufamba kwakaenderera. Izvi zvakananganisa upenyu hwangu nenzira yandaisambofungira. Ndakazoziva nezveHealing Institute yekuDubai yayitwa neVanoremekedzwa Zvikuru Prophet Uebert Angel muna Chikumi 2022. Ndakaita zvose kuti ndive nechokwadi chekuvapo zvisina kukundikana nekuti ndaiziva ndaizoporeswa. Apo Muporofita Uebert Angel vakaturika maoko avo pandiri, marwadzo akapera ipapo ipapo, zvikaite sekunge aisambovepo kumashure. Kubva pachinhambwe ichocho kusvika zvino, handina kuzombonzwa marwadzo zvekare. Ndakagamuchira kupora kwangu kuzere. Mazvita, Muporofita Uebert Angel

Varun D'souza - Dubai, UAE

## Mukorore Wangu Akangoerekana Asisagoni Kufamba

Mukorore wangu wemakore mana, uyo aigara azere upenyu nesimba, achisvetuka-svetuka uye achisekerera. Zvisinei, mangwanani echimwe Chishanu zvese zvakashanduka. Akamuka achichema asingakwanise kufambisa makumbo ake. Pandakaedza kumubatsira kumira, akakoniwa ndokudonha. Ndakakatyamadzwa nazvo, ndichitadza kunzwisisa kuti chii chainge chaitika kumwana wangu aifara ari mutano. Mukutambudzika kwangu, ndakarangarira Spirit Embassy, nzvimbo inogadziriswa Zvese. Musi wa16 Chikumi 2024, ndakatakura mwana wangu kuuya kucheche uko kwandaiziva Muporofita waizomunanga womunamatira kuti apore. Tiri mucheche kudaro, Muporofita Uebert Angel vakamuona, vakamusimudza ndokumubata mumaoko avo, uye vakamunamatira. Zvakazoitika pamberi unongova munana. Mukorore wangu uyo anga achimbochema nguva shoma yadarika akaerekana ave kusvetuka-svetuka nekumhanya, mweya wake wemufaro wadzoreredzwa. Misodzi yerutendo yakajenga mumaziso angu ndichiona chishamiso cheshanduko iyi. Ndinotenda zvikuru kwazvo Muporofita Uebert Angel nezodzo rekuporesa rakadzosa mukorore wangu kuve nehupenyu. Chitiko chemunana ichi chabata zvakadzama upenyu hwedu, izvo zvezadza moyo yedu nekutenda kukuru kwazvo. Mazvita, Muporofita Uebert Angel.


Zenith Tasanangurwa - Zimbabwe, Africa

**Mhinduro  
Yekuporeswa  
Apo Muporofita  
Uebert Angel  
vakaturika  
maoko avo  
pandiri,  
marwadzo  
akapera ipapo-  
ipapo, zvikaite  
sekunge  
aisambovepo  
kumashure.**




# HEALING INSTITUTE

SPIRIT EMBASSY



INSTAGRAM



YOUTUBE



FACEBOOK

**TIKTOK**  
@healinginstituteofficial

**X**  
@healinginstitu

WANAI ZVIMWE ZVAKAWANDA PA HEALINGINSTITUTE.ORG

TITEVEREI PA:     